MATHS GUARDIOLA [redacted]

For Performance Measurement

# ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

## General Certificate of Education Ordinary Level

**SHONA LANGUAGE** **4007/1**

PAPER 1: Rondedzero neNzwisiso

**Nguva:** Maawa maviri

**JUNE 2024 SESSION**

Additional materials:
Answer booklet

**RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO**

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mubvunzo **mumwe** chete **muChikamu I** nemibvunzo **yose muChikamu II**.

**ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO**

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Mibvunzo yose inofanira kupindurwa ne**ChiShona** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika **rimwe**, asunganidze pamwe chete.

**Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mashanu nematatu asina kunyorwa chinhu.**

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, J2024.

© ZIMSEC J2024

**[Enda kuseri**

## CHIKAMU I: RONDEDZERO [50]

Zvichakubatsira kuti upedze **awa imwe chete** pachikamu chino.

Sarudza musoro **mumwe chete** pane yose yakapiwa.Chinyora rondedzero yemhando yawasarudza nemanzwi ari pakati **pe450 ne500** kana kusvitsa **mapeji mana**.

**1.** **(a)** Zvakanakira kudyara miti yemichero yakasiyana-siyana nemakwenzi anorapa pamisha yatinogara. [50]

**(b)** Nyora nyaya inopedzisira nemashoko anoti, "Pavakasvika vachiona zvaaive aita, vose vakashamisika." [50]

**(c)** Nyora nyaya inoburitsa pachena zvinoreva tsumo inoti, "Chirere mangwana chigozokurerawo." [50]

**(d)** Nyora hurukuro yevanhu vaviri vari kukurukurirana nezvevana vanosara vachigara voga vabereki vashaika kana kuti vabuda kunze kwenyika kundoshava. [50]

**(e)** Uri mumiririri weBazi rinoona neZvekuchengetedzwa kweMhuka. Nyora mashoko auchataurira vana vechikoro vakushanyirai, pamusoro pezvakanakira kuchengetedza mhuka dzesango. [50]

**(f)** Matambudziko anosanganikwa nevasikana vanokurumidza kuroorwa. [50]

**(g)** Nyora tsamba kumukuru wemapurisa uchimutsanangurira dambudziko reumbavha hwava kuitika mumaruwa nemumadhorobha nekuti hungaderedzwa sei. [50]

## CHIKAMU II: NZWISISO NEPFUPISO [30]

Verenga detembo iri ugopindura mibvunzo inotevera.

**2.** Ndipo patakamuviga pano,
Pano parukangarabwe, muchivavani,
Pakati pezvimatombo nemiunga,
Kunge chiya chikara chesango
Chisina achazocheuka mangwana.

Ndipo patakamuviga pano
Iye komuredhi Kunozvarwavamwe
Pashure pekunge adauka pamberi pedu
Achipika, uku rake gidi richipururudza
Akananga kuvhurira vamwe tese nzira.



© Zimsec 2024
MATHS GUARDIOLA +447852954215

Ndipo patakamuviga pano,
Pashure pokunge apferenyurwa nepfuti
Chake chifuva chave neronda guru
Iro ivhu ramedza ropa, razvimbirwa
Yeduwo misodzi ranwa, raguta.

Ndipo patakamuviga pano
Amboswera akavata katatu
Achibinyauka sedora riri muchaenga
Nyota achipomhodzwa nemisodzi
Nzara achitapudzwa nemututu.

Ndipo patakamuviga pano,
Mazuva matatu ekupedzisira tashushana
Achinditi chindisiya ndirote zvangu,
Imi muende mberi neChimurenga
Isu tichiti kwete, tiri tose muhondo.

Ndipo patakamuviga pano,
Tose tisingazivi kana chimwe chake
Zita, mhuri, mutupo kana dzinza
Zvose kwatiri ichingova mhindo
Taingoziva! Uyu mwana weivhu.

Ndipo patakamuviga pano
Vake amai vanongova murima,
Vake baba hameno vakarotswa
Rake dzinza kuti richazochenura?
Chinoziva chete ivhu, mwana rakamedza.

Ndipo patakamuviga pano,
Pasina ngoma kana mhururu,
Kana muteuro kana detembo
Kana chitombo kana chizhuzhu
Kana urongwa hwekuzorova guva.

Ndipo patakamuviga pano
Kunyangwe pasina anorangarira patakamuviga
Tinomurangarira muhana nemumwoyo medu
Muna Nyamavhuvhu wegore roga roga
Tichiyeuka kubuditswa parumananzombe kwatakaitirwa.

Ndipo patakamuviga pano
Gamba rakaita muchato negidi
Mhare yakachererwa imba nebhayoneti
Ndokufukidzwa ivhu nemagaro epfuti
Ndokuchemwa nezvipuka zvesango.



**[Enda kuseri**

MATHS GUARDIOLA +447852954215

I-i-i-h! Varume!
Ndipo paari pano!
Ndipo ipo pano.

(Detembo rakanatsurudzwa kubva mubhuku **Rukuvhute**, muunganidzwa wenhetembo dzakaunganidzwa naChirikure Chirikure.)

**(a)** Nyakudetembwa aizivikanwa nezita rekuti ani? (1)

**(b)** Zvakatora mazuva mangani kubva pakakukuvadzwa kwanyakudetembwa kusvika pakufa kwake? (1)

**(c)** Tsika yadomwa mudetembo inoitwa naVaShona yokudzora mweya wemufi mumusha inonzi chii? (1)

**(d)** Kubva mudetembo, magamba anorangarirwa nekupemberervwa mumwedzi upi wegore? (1)

**(e)** Ipa manzwi ako anoreva zvimwe chete neari pazasi akashandiswa mudetembo.

**(i)** mututu

**(ii)** mhare

(1)

**(f)** Ndedzipi ndevo dziri mudetembo dzinotsanangurwa nemanzwi anotevera.

**(i)** kudemba kufa (1)

**(ii)** kurwadziwa zvakanyanya (1)

**(g)** Ipa chikonzero chanyakudetembwa chokuti vamwe vake vamusiye asare achifa ari ega. (1)

**(h)** Nyurura enzaniso iri mudetembo inotaridza kuti nyakudetembwa aive akazvipira kurwa hondo yerusununguko. (1)

**(i)** Tsanangura zvinoreva ndevo dzinotevera semashandisirwo adzakaitwa mudetembo.

**(i)** gidi richipururudza (2)

**(ii)** zvose kwatiri ichingova mhindo (2)

**(iii)** mwana weivhu (2)

**(iv)** kubuditswa parumananzombe (2)



© Zimsec 202

(j) Uchishandisa manzwi ako, tsanangura **zviviri** zvakakonzera kuti kuvigwa kwanyakudetembwa kuve kunosuwisa mudetembo. (2)

(k) Mudetembi anoti aisaziva zita ranyakudetembwa, asi nyakudetembwa aine zita rataurwa mudetembo. Nyatsojekesa zviri kubudiswa nemhesaniso yepfungwa iyi. (1)

[30]

(l) Nemanzwi ako asingadariki makumi mashanu, pfupisa detembo riri pamusoro. (10)





MATHS GUARDIOLA +447852954215